PONDOKNA OENDANG-OENDANG

HAL SABAGIANNANA

WADIA BALAD DARATAN

OERANG PRIBOEMI

DI

INDIË.

LEMBAGA KEBUDAJAAN
INDONESIA

VI-117

ATAVIA
SDRUKKERIJ
1889.

17 Hal

PERPUSTAKAAN NASIONAL R.I.
Tanggal : 30-06-2010
Nomor Induk : 762/PN-Museum/2010
SIB - ID : 0010-32850160
ITEM - ID : 0309084132
Asal : Museum Pusat

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

VI - 117.

PONDOKNA OENDANG-OENDANG

HAL SABAGIANNANA

WADIA BALAD DARATAN

OERANG PRIBOEMI

DI

INDIË.

BATAVIA
LANDSDRUKKERIJ
1839.

PERPUSTAKAAN NASIONAL R
BAT. GENOOTSCHAP VAN K.E.N.W.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

1°. PĔRDJANGDJIANNANA PAKEUN NGASOEPKEUN SOLDADOE.

Oerang priboemi noe diasoepkeun djadi soldadoe teh, nja eta noe njoehoenkeun sorangan, oemoerna geus aja 18 nĕpi ka 30 taoen, sarta kasĕboet dina soerat saksi (certificaat) noe dipasihkeun ka manehna ti tĕmpat matoehna pangbehdijeuna kongas hade lakoe lampahna, (tapi eta katrangannana kitoe teh montong satarabasna teuing), djangkoengna sakoerang-koerangna koedoe 1,55 M (ari baris oesar mah sakoerang-koerangna 1,60 M), sarta disĕboetkeun koe doktor militair atawa koe doktor nagara, noe wĕnang kana hal eta, jen eta djĕlĕma hade baris kana pagawean soldadoe. (1)

Oepama tadina geus djadi soldadoe, eta dimana njoehoenkeun deui asoep koedoe nembongkeun soerat lĕpasannana atawa akte pansioenna (paspoort).

Djalma-djalma noe teu kaäsoep kana bangsa oerang priboemi, sapĕrti Tjina, oerang Arab djeung sedjen-sedjen bangsa sabrang wetan, teu kawidian diasoepkeun djadi soldadoe.

Pĕrdjangdjiannana mimiti koedoe baris gĕnĕp taoeneun lilana. (2)

(1) Saha-saha noe anjar asoep djadi soldadoe (recruten) disĕboetkeun koe doktor teu hade baris kana pagawean soldadoe, eta koedoe dipoelangkeun kalawan onkostna Gouvernement ka tĕmpatna mimiti njoehoenkeun asoep, lamoen djaoehna eta tĕmpat tina tĕmpat mariksana doktor tea leuwih ti 12 paal.
(Ijeu atoeran saheulaänan ditangtoekeun dina besluit Gouvernement tanggal 4 Januari 1837 no. 3).

(2) Tapi ari soldadoe barisan Madoera mah anoe geus bisa, njieunna pĕrdjangdjian teh meunang baris opat taoeneun bae.
Ijeu atoeran saheulaänan ditangtoekeun dina besluit Gouvernement tanggal 1 Juni 1838 no. 35 [Parentah oemoem (algemeene order) 1838 no. 47].

PERPUSTAKAAN NASIONAL

2°. HAL OEWANG TOELOENGAN DJEUNG OEWANG BOEROEHAN NGASOEPKEUN.

Taja heuleutna deui ti saměntasna njieun pĕrdjangdjian, eta anoe anjar djadi soldadoe teh [Djawa, Soenda, oerang Madoera, Boegis, oerang Malajoe (1)] dipaparin oewang toeloengan, reana ƒ 50.— (2).

Reana oewang boeroehan ngasoepkeun 20 % tina oewang toeloengan. (3)

3°. GĔDENA GADJIHNA.

Dina sapoë gadjihna hidji soldadoe	21 cent
toekang tamboer atawa toekang tarompet . . .	25 »
korporaal	50 »
sergeant.	75 »

(1) Dĕmi noe diitoeng kaäsoep kana bangsa Malajoe teh, nja eta oerang Ambon, Ternate djeung karesidenan Menado, nja kitoe deui afdeeling Gorontalo, noe agamana lain christen, kadjaba lamoen tĕrang, jen manehna, koe sabab toeroenannana, koedoe diitoeng kaäsoep kana bangsa Djawa, Soenda, Madoera atawa kana bangsa Boegis.

Djeung deui noe kaäsoep kana bangsa Malajoe teh, sakabeh oerang priboemi noe teu kaäsoep kana bangsa noe diseboet di loehoer, sapĕrti oerang Soematra, oerang Nias djeung djabati eta. [Parentah oemoem (algemeene order) 1879 no. 35 artikel 15 djeu ig 16].

(2) Ete oewang toeloengan saheulaänan ditambah, djadi ajeuna ƒ 75.— (Besluit Gouvernement tanggal 1 Juni 1838 no. 35) [Parentah oemoem (algemeene order) 1838 no. 47].

Oewang toeloengan baris soldadoe-soldadoe barisan Madoera noe perdjangdjiannana opat taoen, reana ƒ 50, lamoen manehna sakoerang-koerangna 2 taoen geus djadi soldadoe dina eta barisan, sarta tjoekoep kabisana baris djadi soldadoe wadia balad daratan.

Ijeu atoeran saheulaänan ditangtoekeun dina besluit Gouvernement tanggal 1 Juni 1838 no. 35 [Parentah oemoem (algemeene order) 1836 no. 47].

(3) Kapala-kapala kampoeng di karesidenan Timoer, dimana aja djĕlĕmana noe asoep djadi soldadoe, dipaparin oewang gandjaran ƒ 25.

Ijeu atoeran saheulaänan ditangtoekeun dina besluit Gouvernement tanggal 11 Juli 1837 no. 10, sarta ditĕtĕpkeun saheulaänan dina besluit Gouvernement tanggal 13 Juli 1838 no. 45 [Parentah oemoem (algemeene order) 1838 no. 58].

Dĕmi oewang boeroehan ngasoepkeun tea dipaparinkeunnana ka saha-saha djalma noe ngasoepkeun soldadoe anjar.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

gadjihna soldadoe barisan marijĕm djeung barisan tockang njieun adĕg-adĕgan, benteng-benteng, sasak-sasak (genie) leuwih ti sakitoe reana (1)

4°. REANA TĔDANA SOLDADOE DI TANGSI.

Kadjaba ti gadjih soldadoe-soldadoe oerang priboemi dipaparin pitĕdaeunnana oenggal poĕ, nja eta:

Beas	0,65 KG.
Daging baseuh	0,25 »
atawa daging toehoer	0,2 » (2)
atawa daging asinan	0,3 »
atawa daging dina kaleng	0,2 »
koffie	0,04 »
oejah	0,025 »
minjak baris lampoe (minjak kalapa) atawa minjak tanah	0,01 L.
Soeloeh	0,0025 M^3.
Tjoeka	0,005 L. (3)

5°. HAL MARABNA (MENAGE.)

Soldadoe oerang priboemi (korporaal-korporaal djeung soldadoena) sacompagniena atawa sabarisannana koedoe ngoempoel

(1) Ijeu gadjih, noeroetkeun koemaha bangsana, beunang dipaparinkeun ka sagala oerang priboemi noe njoehoenkeun asoep djadi soldadoe, sarta noe mondok di tĕmpat tangsi noe didatangan koe manehna baris njoehoenkeun asoep, sabot ngadago poetoesan, atawa pangmondokna aja sabab sedjen, samemehna beunang ditarima djadi soldadoe, tapi sanggeusna dipariksa koe doktor, sarta kapanggih, jen hade baris kana pagawean soldadoe.
(Besluit Gouvernement tanggal 17 November 1886 no. 8).

(2) Gantina laoek toehoer meunang dipaparin laoek tjai, gĕdena koedoe doewa kalieun laoek toehoer tea.

(3) Ijeu tĕdana, noeroetkeun koemaha bangsana, beunang oge dipaparinkeun ka sagala oerang priboemi noe njoehoenkeun asoep djadi soldadoe sarta noe mondok di tĕmpat tangsi noe didatangan koe manehna baris njoehoenkeun asoep, sabot ngadago poetoesan, atawa pangmondokna aja sabab sedjen, samemehna beunang ditarima djadi soldadoe, tapi sanggeusna dipariksa koe doktor sarta kapanggih jen hade baris kana pagawean soldadoe (Besluit Gouvernement tanggal 17 November 1886 no. 8).

babarĕngan diparab, ari anoe dipake marab, nja eta tĕdana noe disĕboet bijeu, djeung oenggal soldadoe koedoe mikeun gadjihna (21 cent) pikeun tĕdana, dikoempoelkeun, sarta koedoe diatoer, soepaja hidji djalma diberena nĕda dina sapoë tiloe kali.

Dĕmi ngaloearkeunnana balandja pakeun marab tea, teu meunang pisan leuwih ti satĕngahna gadjih, soepaja dina 5 poë sakali bisa mikeun ka hidji soldadoe sakoerang-koerang f 0.50 tina sesa tĕdana tea.

Pamadjikannana djeung anak-anakna, lamoen soekaeun, meunang miloe diparab, tapi hidji soldadoe koedoe majar baris pamadjikannana 10 djeung baris anakna 5 cent di djĕro lima poë.

Moerid soldadoe majarna parab baris tĕdana dina sapoë panggĕde-gĕdena 5 cent.

6°. HAL ĔNGGONNA.

Soldadoe oerang pribоemi dipondokkeun di tangsi kalawan onkostna Gouvernement, sarta pamadjikannana djeung anakna meunang asoep kadinja.

7°. HAL PAPAKEANNANA.

A. *Dimana asoep djadi soldadoe.*

Hidji soldadoe dipaparin papakean barĕng mimitina:

Badjoe paranti sapopoë (boezeroen)	2
Sisir	1
Dasi	2
Topi (helmhoed) sabrĕgna	1
Kopeah (model anjar)	1
Samak	1
Jas (attila)	2

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA

Saroeng 1
Tjalana lĕpas (serge) 2
Daloeng 1
Tjalana lawon paoel paranti digawe 1
Sikat sapatoe 1
Sprei 1
Flesch paranti leumpang noe make tali koelit . . 1
Jas hoedjan (kapotten) 1
Sikat papakean 1
Kimpoel wadah papakean 1
Kimpoel paranti leumpang 1
Tjĕpok saboen djeung smeer 1
Istel kantjing 2
dina saistelna aja:
6 siki kantjing koeningan gĕde make soekoe pandjang.
4 » » » » » » pondok.
2 » » » leutik » » pandjang.
2 » » » » » » pondok.
8 » » bodas atawa hideung leutik noe didjieun bangsa beusi.

Pita baris kĕmbangna badjoe attila dina dadana (borst-tressen) 1 istel.

Pita dioentoenkeun noe dipakena dina taktak (schouder-pasanten) sapasang.

Oerang priboemi noe anjar djadi soldadoe barĕng mimitina asoep, dipaparin sawarehna papakean noe disĕboet tadi, nja eta:

Jas (attila) 1
Kantjing . . . . . 1 istel
Dasi. 1
Kopeah. 1
Sisir 1
Tjalana lĕpas (serge) 1

Daloeng 1
Samak. 1
Sprei 1

Sawarehna deui dipaparinkeunnana dimana manehna geus datang kana barisan pimatoeheunnana.

Panjalin oenggal taoen.

Pakeun ngaganti papakeannana manehna dipaparin pisalin oenggal taoen:

Kopeah. 1
Jas (attila) 1
Tjalana lĕpas (serge) 1
Istel kantjing 1
Tjalana lawon paoel paranti digawe 1
Djeung deui:
Badjoe paranti sapopoë (boezeroen) 2
Sisir 1
Dasi. 2
Samak 1
Saroeng 1

Panjalin oenggal doewa taoen.

Daloeng 1
Sikat sapatoe. 1 (1)

Panjalin oenggal tiloe taoen.

Sprei 1
Flesch paranti leumpang noe make tali koelit. 1

Panjalin oenggal opat taoen.

Jas hoedjan 1

(1) Baris soldadoe noe teu toempak koeda mah dipisaliuna ngan 6 taoen sakali.

Panjalin oenggal gĕnĕp taoen.

Sikat papakean 1

8e. HAL NGOEBARANNANA.

Oepama soldadoe oerang priboemi gĕring, kitoe deui oepama pamadjikannana atawa anakna, eta dioebaran teu kalawan make onkost, boh di tĕmpatna ngadjaga, boh di roemah sakit.

Lamoen geus tjageur pisan, kakara madjoe deui kana gawena.

Sabotna dioebaran, eta soldadoe teu meunang gadjih, tapi salawasna aja di roemah sakit dipaparin oewang toeloengan oenggal poë:

onderofficier oerang priboemi . . . . . 7 cent.
korporaal atawa soldadoe . . . . . 4 »

Oepama soldadoe oerang priboemi hilang, eta dikoeboerna noeroetkeun koemaha kapangkatannana, sarta kalawan onkostna Gouvernement, make hormatan sakoemaha atoeran ngoeboer bangsa militair, kadjaba lamoen tĕrang, jen kahajangna montong dikoeboer make hormatan kitoe.

Majitna soldadoe oerang priboemi beunang disoehoenkeun koe barajana.

Oepama taja noe njoehoenkeun, sarta dirasa moal matak roeksak kana kawarasan noe rea, eta beunang dipasrahkeun ka batoer-batoerna, nja eta soepaja dina waktoe dikoeboerna djeung diastanana dipoelasara noeroetkeun koemaha adatna djeung agamana; lamoen kitoe, eta atoeran militair hal moelasara majit teh hade montong dilampahkeun.

Tapi samemehna eta majit dibawa ka astana, dipoelasarana koedoe di roemah sakit, dikoeboerna teu meunang hĕnteu koedoe ka loewar ti roemah sakit.

9°. KAWADJIBANNANA SOLDADOE NOE DJADI BABAKOE.

Kawadjibannana soldadoe, nja eta diadjar mĕtakeun pakarang noe dipasihkeun koe Gouvernement pakeeunnana, djeung sedjen-sedjen pagawean noe matak djadi tambah-tambah ngarti kana hal atoeran soldadoe, djeung soepaja salawasna beres djeung bĕrseka djeung salian ti eta.

Djeung deui soldadoe teh dimistikeun koedoe noeroet pisan ka saloehoereunnana, sarta salawasna koedoe hade lakoe lampahna.

10°. GANDJARANNANA.

Soldadoe anoe beda ti batoerna, koe sabab leuwih ngartina kana pagaweannana, sarta hade lakoe lampahna, beunang diangkat djadi soldadoe Infanterie klas 1, sarta dina pangkatna eta ditambah gadjihna 4 cent dina sapoë, djeung deui dipaparin tjitjiren, nja eta streep lakĕn paoel ngora. dipakena dina peupeuteujan sabeulah ti kentja.

Manehna bisa naek djadi korporaal djeung djadi sergeant.

11°. HAL VERLOFNA.

Soldadoe oerang priboemi, anoe ngalampahkeun kawadjibannana, lamoen soekaeun, kalan-kalan kawidian verlof, lilana saboelan atawa koerang, sarta gadjihna teu dikoerangan. (1)

(1) Oerang Madoera, Boegis, Nias djeung oerang Timoer (oerang poelo Roti), soepaja sina neangan pisoldadoeĕun, kawidian doewaän siligĕnti dipaparin verlof ka lĕmboerna, lilana 6 boelan, sarta poelang anting teu koedoe majar onkost djalan djeung tĕdana dipaparin, kitoe deui gadjihna sadjĕro verlof tea tĕtĕp bae.

(Besluit Gouvernement tanggal 1 Juni 1833 no. 35 [Parentah oemoem algemeene order) 1833 no. 47]. Besluit Gouvernement tanggal 13 Juli 1833 no. 45 [Parentah oemoem (algemeene order) 1833 no. 58. } Atoeran saheulaänan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL RI

12°. TĚDANA DINA PANGPĚRANGAN.

Lamoen soldadoe madjoe pĕrang, dipaparin tĕda beda ti sasarina, djadi dina sapoë nampa:

Beas	0,6	KG.
Daging baseuh	0,25	»
atawa daging tochoer	0,25	»
atawa daging asĭnan	0,4	»
atawa daging dina kaleng	0,25	»
Koffie	0.03	»
Oejah	0,025	»
Minjak baris lampoe (minjak kalapa)	0,01	L.
Soeloeh	0,0025	M³.
Roti noe anjar keneh	0.1	KG.
atawa roti teuas	0,05	»
Sambara angeun noe anjar keneh	0,005	»
Tjabe baseuh atawa noe geus tochoer atawa atjarna	0,002	»
Tjoeka	0,01	L.
Teh	0.008	KG.
Saboen	0,015	»

13°. HAL MOELASARA PAMADJIKANNANA DJEUNG ANAK-ANAKNA SOLDADOE NOE DITINGGALKEUN KA PANGPĚRANGAN.

Pamadjikan djeung anak soldadoe noe ditinggalkeun ka pangpĕrangan, kitoe deui anoe noetoerkeun salakina atawa bapana, kalawan paidinna Kantor Pangpĕrangan, lamoen pangkatna salakina atawa bapana sahandapeun officier, dipaparin:

PERPUSTAKAAN NASIONAL

baris hidji awewe	0.5 KG.	beas djeung
	0.02 KG.	oejah
baris hidji boedak	0.25 KG.	beas djeung
	0.01 KG.	oejah

Djeung deui soldadoe oerang priboemi meunang njoehoenkeun dipotong gadjihna dina sapoë 10 cent, nja eta baris pamadjikannana djeung anakna noe ditinggalkeun; ari majarkeunnana ka eta pamadjikannana djeung anakna teh koedoe koe kawasa militair.

14e. BINTANG (MEDAILLE) KAWANTĚRAN DJEUNG KAWĚNINGAN DJEUNG TJITJIREN KAHORMATAN.

Saha-saha noe dina pangpĕrangan beda ti noe sedjen kawantĕrannana, eta dipaparin gandjaran, ngaranna „medaille voor moed en trouw" hartina: *bintang kawantĕran djeung kawĕningan*, dĕmi noe didjieun paroenggoe, atawa perak, sarta dipakena dina dada.

Saha-saha noe meunang eta bintang, dipaparin oewang toeloengan satoetoep oemoerna:

noe meunang bintang paroenggoe	sergeant	/ 13.75	dina tiloe
	korporaal	» 11.25	boelan
	soldadoe	» 7.50	sakali
noe meunang bintang perak	sergeant	» 20.00	dina tiloe
	korporaal	» 16.25	boelan
	soldadoe	» 10.00	sakali.

Saha-saha noe meunang kahormatan (eervol vermelden) dipaparin tjitjiren eta kahormatan; ari roepana eta tjitjiren teh makoeta Radja noe didjieun bangsa beusi sarta disipoeh

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA

ĕmas, dipakena dina harigoe ditalikeun kana pitana Tanda kahormatan noe gĕde gawena dina Pangpĕrangan (Eereteeken Belangrijke Krijgsbedrijven), sarta koedoe saloehoercunnana pisan eta Tanda kahormatan tea.

15°. SAROEPA OEWANG PENSIOEN.

Anoe wĕning sarta geus lila, nja eta anoe geus 25 taoen djadina soldadoe, dipaparin saroepa oewang pensioen (gagement) reana:

baris hidji soldadoe.	*f*	120
» » korporaal.	»	150
» » sergeant.	»	180

dina sataoen.

Djeung deui noe meunang saroepa oewang pensioen kitoe teh, saha-saha noe dina pangpĕrangan, atawa anoe keur ngalampahkeun pagawean parentahan, meunang raheut atawa tjatjad, datang ka sanggeusna dioebaran koe doktor oge, disĕboetkeun koe doktor moal bisa deui kana djadi soldadoe.

Lamoen eta raheutna atawa tjatjadna teh datang ka papisah hidji anggahotana atawa leuwih tina badanna, atawa eta anggahota teh djadi teu beunang digawekeun, atawa djadi lolong sarta teu beunang dioebaran deui, eta noe kitoe kadjaba ti saroepa oewang pensioen samistina, meunang deui oewang panambah.

Oepama papisah hidji anggahotana, reana oewang panambah $^1/_4$ na, dĕmi lamoen papisah doewa anggahotana atawa leuwih, atawa lamoen lolong, reana oewang panambah teh $^1/_2$ na tina djoemblahna saroepa oewang pensioen tea.

Lamoen eta lolongna teh dibarĕngan koe papisah hidji anggahotana, atawa eta anggahota djadi teu beunang digawekeun, eta reana oewang panambah teh $^3/_4$ na tina djoemblahna eta saroepa oewang pensioen tea, dĕmi noe lolong

PERPUSTAKAAN NASIONAL

sarta papisah doewa anggahotana atawa leuwih, atawa eta doewa anggahota atawa leuwih teh djadi teu beunang digawekeun, dipaparinna saroepa oewang pensioen teh doewa kalieun mistina.

Soldadoe noe keur ngalampahkeun gawe parentahan teu meunang raheut atawa tjatjad, tapi keuna tjilaka datang ka woedoe kana pagaweannana soldadoe, dipaparin saroepa oewang pensioen satoetoep oemoerna; dĕmi reana eta saroepa oewang pensioenna teh noeroetkeun koemaha lilana djadina soldadoe, lamoen lilana djadina soldadoe koerang ti 10 taoen, eta reana saroepa oewang pensioenna ½ na ti anoe ditangtoekeun baris noe geus 25 taoen djadina soldadoe tea.

Saha-saha noe djadi woedoe kana pagawean soldadoe, lain koe sabab meunang tjilaka dina keur ngalampahkeun pagawean parentahan, tapi koe sedjen-sedjen sabab, asal lain lantaran kalakoean pribadi noe dihadja, atawa lain lantaran goreng lakoe lampahna, eta lamoen lilana djadina soldadoe koerang ti 10 taoen, dimana dilĕpas, dipaparin oewang toeloengan sakali harita bae, reana satĕngahna sataoeneun oewang noe ditangtoekeun baris sasamana pangkat manehna noe geus 25 taoen djadina soldadoe, tapi lamoen eta djalma anoe kitoe teh lilana djadina soldadoe 10 taoen atawa leuwih, eta dipaparin saroepa oewang pensioen satoetoep oemoerna, dĕmi reana sakoemaha noe diseboet dina staat di handap ijeu, sarta lamoen papisah hidji anggahotana atawa leuwih, atawa eta hidji anggahotana atawa leuwih teh djadi teu beunang digawekeun, atawa lamoen lolong sapĕrti noe ditjaritakeun di loehoer ijeu, eta kari nambahan bae koe ¼ na, ½ na, atawa leuwih.

Reana taoen.	OERANG PRIBOEMI.			Katrangan.
	Sergeant.	Korporaal.	Soldadoe.	
tina 10 népi ka 12	90	75	60	Kitoe deui pakeun oewang toeloengan (onderstand).
13	94	78	63	
14	101	84	68	
15	108	90	72	
16	116	96	77	
17	123	102	82	
18	130	108	87	
19	137	114	92	
20	144	120	96	
21	152	126	101	
22	159	132	106	
23	166	138	111	
24	173	144	116	
25	180	150	120	

16°. HAL MOELANGKEUN KA LĔMBOERNA.

Sanggeusna beak pĕrdjangdjiannana djadi soldadoe, manehna boga hak eureun tina djadi soldadoe, sarta dipoelangkeun ka lĕmboerna; ari onkostna baris manehna djeung anak ewena ti Gouvernement.

Kitoe deui lamoen paeh, anak ewena, oepama hajangeun, koedoe dipoelangkeun ka lĕmboerna kalawan onkostna Gouvernement.

17°. PERDJANGDJIAN* PAMINDONA.

Oepama soldadoe oerang pribоemi hajang tĕtĕp djadina soldadoe (sanggeusna beak tempona), eta koedoe njieun deui

pĕrdjangdjian anjar (pĕrdjangdjian pamindo) baris 6, 4, 2 taoeneun, sarta radjeun oge meunang baris sataoeneun, djeung deui dipaparin oewang gandjaran:

baris 6 taoeneun reana	ƒ 40.—		
» 4 » »	» 24.—		
» 2 » »	» 10.—		(1)
» 1 » »	» 5.—		

ari gadjihna dina sapoĕna djadi ditambah, nja eta:

baris hidji onderofficier	ƒ 0.08	
» » korporaal		
» » soldadoe toekang bĕdil (fuselier) . .		» 0.06
» » toekang tarompet		

18e. HAL TJITJIREN.

A. *Streep tjitjiren lilana ngalakonan gawe.*

Oenggal-oenggal geus 6 taoen djadina soldadoe, sarta doewa taoen deui kana pilĕpaseunnana djadi soldadoe atawa lamoen njieun deui pĕrdjangdjian anjar, sakoerang-koerangna baris 2 taoeneun, eta manehna meunang tjitjiren, dĕmi roepana noe baris korporaal djung soldadoe streep koneng, noe baris onderofficier pasmen ĕmas; ari dipakena dina peupeuteujan sabeulah katoehoe; eta streep teh pasihan ti Gouvernement, sarta diganti-ganti koe noe anjar dina waktoe noe ditangtoekeun.

---

(1) Dina besluit Gouvernement tanggal 1 Juni 1838 no. 35 [Parentah oemoem (Algemeene order) 1838 no. 47] eta oewang gandjaran saheulaänan ditaekkeun, sarta didjieun:

baris 6 taoeneun ƒ 75.—
» 4 » » 50.—
» 2 » » 25.—
» 1 » » 10.—

B. *Bintang kawĕningan sanggeusna* 12, 24 *atawa* 30 *taoen djadi soldadoe.*

Saha-saha soldadoe oerang priboemi noe geus 12 taoen djadina soldadoe sarta taja koetjiwana, meunang bintang paroenggoe, noe dipakena dina dada, sarta dibarĕngan djeung dipaparin oewang gandjaran, reana *f* 12, tapi kitoe soteh lamoen manehna harita baris doewa taoen deui djadina soldadoe, atawa lamoen harita njieun deui pĕrdjangdjian anjar baris tĕtĕp djadi soldadoe.

Oepama djadina soldadoe geus 24 taoen, sarta taja koetjiwana eta meunang bintang perak; lamoen geus 30 taoen meunang bintang ĕmas djeung oewang gandjaran *f* 50.—

19e. HAL NGALĔPASNA TINA PAGAWEAN NAGARA (HEERENDIENST).

Oeroet soldadoe oerang priboemi noe meunang bintang kawantĕran sarta kawĕningan, atawa bintang kawĕningan sanggeusna 12, 24 atawa 30 taoen djadina soldadoe atawa anoe geus meunang tjitjiren kahormatan (eervol vermelden), kitoe deui noe dilĕpas koe sabab tjatjad badanna di djĕro eukeur djadina soldadoe, djadi tĕrang, jen moal bisa njabak pagawean, eta kabeh dilĕpas tina pagawean nagara (heerendienst).

Voor de vertaling:
De Patih van Soemedang,
KARTA WINATA.

PERPUSTAKAAN NASIONAL RI.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA